

# Èske pitit ou yo pare?

## Lwa sou pwogram Iminizasyon ak Gadri pou Timoun piti

Timoun oblije resevwa vaksen anvan yo enskri nan gadri ak pwogram pou timoun piti nan Minnesota oubyen soumèt yon egzansyon. Egzijans sa a aplike pou tout sant gadri ki gen lisans, gadri pou timoun kay fanmi, gadri pou timoun ki sètifye epi ki egzante de lisans, ak pwogram pou timoun piti tankou lekòl matènèl, preparasyon anplis pou lekòl, jadendanfan volontè, ak edikasyon espesyal pou timoun piti. Chèche gwoup laj pitit ou a nan tablo ki anba a epi gade konbyen dòz total chak vaksen ki nesèsè pou laj li.

Vaksen obligatwa	3-4 mwa	5-6 mwa	7-15 mwa	16-23 mwa	24 mwa rive kindergarden
Eptatit B (Hep B)	2 Dòz	2 Dòz	3 Dòz	3 Dòz	3 Dòz
Difteri, Tetanòs ak koklich (DTaP)	1 Dòz	2 Dòz	3 Dòz	3 Dòz	4 Dòz
Polyo (IPV)	1 Dòz	2 Dòz	2 Dòz	2 Dòz	3 Dòz
Pnemokoksik (PCV)	1 Dòz	2 Dòz	3 Dòz	3 Dòz	
Haemophilus influenzae tip b (Hib)	1 Dòz	1 Dòz	1 Dòz	1 Dòz	1 Dòz
Lawoujòl, oreyon, ribeyòl (MMR)				1 Dòz	1 Dòz
Varicella (varisèl)				1 Dòz	1 Dòz
Epatit A (Hep A)					1 Dòz

**Nòt:** Kantite dòz yo ka diferan si pitit ou a gen reta sou vaksen li yo. Si pitit ou a gen reta sou vaksen li yo, li pa twò ta pou ratrape sa, pale ak founisè swen sante li a.

## Vaksen ki rekòmande men ki pa obligatwa pou gadri oswa pwogram pou timoun piti

Yo rekòmande pou timoun yo pran vaksen kont grip, COVID-19, viris respiratwa senksyal (RSV), rotavirus ak lòt vaksen pou asire yo byen pwoteje. Pale ak founisè swen sante w la sou kilè pitit ou a ta dwe resevwa vaksen sa yo.

## Konsèy pou paran ak gadyen legal yo

- Asire w ke pitit ou a resevwa tout vaksen obligatwa yo anvan premye jou gadri/pwogram pou timoun piti a oubyen soumèt yon egzansyon.
- Soumèt yon kopi dosye vaksinasyon pitit ou a nan gadri li, pwogram pou timoun piti li, oswa lekòl li. Ou ka jwenn yon kopi dosye yo nan klinik la oubyen ou ka jwenn dosye yo sou [Find My Immunization Record \(www.health.state.mn.us/people/immunize/miic/records.html\)](http://www.health.state.mn.us/people/immunize/miic/records.html).
- Tanpri ranpli lòt bò paj la si pitit ou a bezwen yon egzansyon pou rezon medikal oswa si w ap chwazi yon egzansyon ki pa medikal akòz kwayans pèsònèl.



[Vaccines for Infants, Children, and Adolescents \(www.health.state.mn.us/people/immunize/basics/kids.html\)](http://www.health.state.mn.us/people/immunize/basics/kids.html)

# Egzanpsyon medikal ak ki pa medikal

## Enstriksyon pou dokimante egzansyon medikal oswa ki pa medikal ak istorik varisèl

Swiv etap 1 ak 2 ki anba yo pou dokimante yon egzansyon medikal, yon egzansyon ki pa medikal, oswa yon istorik varisèl.

1. Mete yon X nan kare a pou endike yon egzansyon medikal oswa ki pa medikal. Si w ap egzante pitit ou a de plis pase yon vaksen, make chak vaksen w ap egzante l de li a ak yon X.
2. Jwenn siyati yon pwofesyonèl sante pou egzansyon oswa istorik maladi varisèl.

Vaksen obligatwa	Medikal	Ki pa medikal
Eptatit B (Hep B)		
Difteri, Tetanòs ak koklich (DTaP)		
Polyo (IPV)		
Haemophilus influenzae tip b (Hib)		
Lawoujòl, oreyon, ribeyòl (MMR)		
Varicella (varisèl)		
Epatit A (Hep A)		

**Egzanpsyon Medikal:** Yon pwofesyonèl swen sante dwe revize epi siyen yon egzansyon medikal. Yon pwofesyonèl swen sante se yon doktè ki gen lisans, yon enfimyè pratikan, oswa yon asistan doktè.

Avèk siyati mwen anba a, mwen konfime ke timoun sa a pa ta dwe resevwa vaksen ki make ak yon X nan tablo a pou rezon medikal (kontr-endikasyon) oubyen paske gen konfimasyon laboratwa ki montre ke yo deja gen iminite.

Siyati: \_\_\_\_\_  
(pwofesyonèl swen sante a)

Dat: \_\_\_\_\_

**Egzanpsyon ki pa medikal:** Yon paran/gadyen legal dwe siyen pou yon egzansyon ki pa medikal epi yon notè dwe siyen fòm lan tou epi mete so sou li. Yon timoun pa oblije pran yon vaksen ki kont kwayans paran li oswa gadyen li. Chwazi pou pa vaksinen pitit ou an ka mete sante li oswa sante lòt moun ki bò kote l an danje. Timoun ki pa pran vaksen ki ekspoze a yon maladi yo ka anpeche ak vaksen an ka oblije rete lakay yo e pa al lekòl ak lòt aktivite pandan yon maksimòm de 21 jou pou pwoteje tèt yo ak lòt moun.

Avèk siyati mwen, mwen konfime ke timoun sa a p ap resevwa vaksen ki make ak yon X nan tablo a poutèt kwayans mwen epi mwen konprann ke yo ka oblije rete deyò lekòl ak lòt aktivite pou jiska 21 jou si yo ekspoze a yon maladi ki ka anpeche ak vaksen an..

Siyati: \_\_\_\_\_  
(paran/gadyen legal)

Dat: \_\_\_\_\_

**Yon notè dwe siyen egzansyon ki pa medikal yo tou epi mete so sou yo:**

**So Notè a**

Dokiman sa a te rekonèt epi siyen devan mwen nan dat

\_\_\_\_\_ (dat),

pa \_\_\_\_\_  
(non paran oswa gadyen legal)

Siyati Notè a:

\_\_\_\_\_

Eta \_\_\_\_\_  
Konte \_\_\_\_\_

**Istorik maladi varisèl (varisèl):** Si yon timoun te deja gen varisèl, li pa oblije pran vaksen kont varisèl la. Yon founisè swen sante dwe siyen fòm sa a si maladi a te rive apre 1ye septanm 2010. Si timoun nan te gen varisèl anvan 1ye septanm 2010, yon paran oswa yon gadyen legal ka siyen fòm sa a.

Siyati mwen anba a vle di mwen konfime timoun sa a pa bezwen vaksen kont varisèl la paske li te gen varisèl nan mwa ak ane

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

(yon pwofesyonèl swen sante, yon reprezantan yon klinik piblik, oswa yon paran/gadyen legal)